
НУР
ISSN 0207-655I
12
2022
6+

**«НУРЫР» ИЛЪЭС 40 ИРИКЪУАЩ!** Фэ дыгъэщыгъэ цIыкIухэм къыддэвгъэлъэпIащ ди юбилейр. КъывдэIэпыкъуа нэхъыжьхэм, егъэджакIуэ-гъэсакIуэхэм, ТВ, радио нэтынхэр езыгъэкIуэкIа журналистхэм, псоми фIыщIэ фхудощI.

Къытхуевгъэхьа сурэтхэри тыдодзэ.



Къанкъул Дамир, Налшык къ.



Къашыргъэхэ Дисанэ, Азэмэт, Щхьэлыкъуэ къу.



Хъуэстхэ Аминэ, Имам, Аргудан къу.



Сэрахъэхэ Инал, Идар, Налшык къ.



Хьэлилэ Асхьэд, Налшык къ.



Хьэмгъуокъу Дамир, Къэхъун къу.



Чэрты Темырлан, Налшык къ.



Лэкъун Амир, Налшык къ.



Къущхьэ Мухьэмэд, Зеикъуэ къу.

# «НУР» и нурыр къыфтепсэу фыкъэхъуну, цIыкIухэ!




КIуж ФатIимэт,
ХьэтIохъущыкъуей Ищхъэрэ къу.



Сабий сад № 38, Налшык къ.




Сабий сад № 38, Налшык къ.




Шаду Дианэ, Налшык къ.



4-нэ Гимназием и 3-нэ «Е» класс, Налшык къ.




## «Нурым» и гъэсэн пщащэ

Анзорей къуажэ щыщ ***МЭКЪУАУЭ Каринэ*** фоцIыху *(«Нур» № 7, 2014 гъ.; № 8, 2017 гъ.; № 9, 2019 гъ.)*. Ар иджыпсту 8-нэ классым фIы дыдэу щоджэ. Сурэт щIыным, къафэм, баскетболым дахьэх, Iэпэlэсэщ. Модельнэ еджапIэр къиуха иужь, Мэзкуу къыщыдэкI «Richi Kids» журналми нэгъуэщIхэми и сурэтхэр къытехуащ икIи «КъБР-м и пщащэ нэхъ дахэхэу 100-м» хагъэхьащ.

Каринэ зэрыжиIэмкIэ абы и анэдэлъхубзэм хуиIэ лъагъуныгъэр зи фIыщIэр «Нурырщ». Журналым къытехуэ тхыгъэ цIыкIухэм и анэр къыхуеджэурэ дригъэхьэхащ.

Зи лъэпкъ фащэр фIыуэ зылъагъу пщащэр щIохъуэпс, ар махуэ къэс цIыхухэм щатIагъэ хъужыну. Абы и мурадщ гъуазджэ Iуэхукlэ абы и зэфIэкIхэм зригъэужьыну.

**Мы гъэм Каринэ къехъулIахэр:**

Япэ увыпIэ къыщихьащ гъуазджэмкlэ дунейпсо лъэпкъхэм зэдай грантым:

1. «Талантия 2022» зэхьэзэхуэм сурэт щIынымкIэ «Адэжь щIыналъэм и макъамэ» лэжьыгъэм.
2. «Зэчийхэм я лъэщапIэ» зэхьэзэхуэм хэта «Дорога изгнания» усэкъеджэ гъэлъагъуэныгъэм.
3. «Бжьыхьэм ухуэзышэ лъагъуэ» сурэтыщI лэжьыгъэм.

**Абы къыдэкIуэу:**

«Берега дружбы» VI-нэ регион зэхьэзэхуэм усэ къеджэнымкIэ.

КIуащ БетIал и «Си Хэку» усэм къыщеджа куей зэхьэзэхуэм.

«Си республикэр усэкIэрэ хъыбарыIуатэкIэрэ» куей зэхьэзэхуэм *(КъБР-р илъэси 100 щрикъум)*.

Атлетикэ псынщIэмкIэ еджакIуэхэм я Урысейпсо спартакиадэм и щIыпIэ зэхьэзэхуэм *(1000 м)*.

«Президент спорт джэгукIэхэр» *(баскетбол 3х3)* щIыпIэ зэхьэзэхуэм.

«Президент зэпеуэхэр» *(многоборье)* щIыпIэ зэхьэзэхуэм.

Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ехьэлIа щIыпIэ зэхьэзэхуэм *(пщащэ баскетбол)*.

***Тхьэм уригъэфIакIуэ, Каринэ! УзыщIэхъуэпс Iуэхуфlхэр къохъулIэну!***

***КЪАМБОТ Марианнэ***



## Темырлан и ехъулIэныгъэхэр

***КЪУЩХЬЭ Темырлан*** мы гъэм Налшык щрагъэкIуэкIа «Берега дружбы» дунейпсо зэпеуэм и щIыпIэ Iыхьэм япэ увыпIэр къыщихьащ, дыщэ медали къратащ. «УФ-м хыхьэ лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэ» къэрал акцием и ЩIыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ абы. «Вагъуэбэ» щIыпIэ зэпеуэм 2022 гъэм етIуанэ, 2019 гъэм япэ увыпIэ къыщихьащ.

Адыгэбзэм дихьэха щIалэ цIыкIур илъэсих мэхъу, Зеикъуэ дэт 4-нэ сабий садым макIуэ. Абы и ныбжьым хуумыгъэфэщэн балигъ гупсысэкIэ иIэщ. Темырлан тхыдэмрэ литературэмрэ дехьэх, фIэфIу зырегъащIэ адыгэ усэхэр, уэрэдхэр икIи абыхэм гъэхуауэ къоджэ. Сабий гурыхуэр илъэсищ фIэкIа щымыхъум ЩоджэнцIыкIу Алий и «Нанэ» усэм гукIэ къеджэрт.

Щlалэ цIыкIур «Дыгъэщыгъэ» ТВ-нэтыным щрагъэблэгъам и ехъулIэныгъэхэм тепсэлъыхьащ.

Темырлан цIыкIу Инстаграмым блог щиIэщ, и анэ Дианэ къыкIэлъыплъу. Ар кIэщI-кIэщIурэ абдеж усэ къыщоджэ, къыхуатххэм и анэр ирегъаджэ, жэуапыр ирегъэтхыж, адыгэбзэм и лэжьакIуэхэм къыхужаIэми йодаIуэ. ЩIалэ цIыкIур усакIуэ хъуну мэхъуапсэ.

Къущхьэ Темырлан и цIэр жыжьэ зэрыщыIунум зыми шэч къытетхьэркъым, нэхъыбэж къехъулIэнуи дохъуахъуэ!

## Къаплъэным и гъэ 2022-р идогъэжьэж

*АБРЭДЖ Сэфият Адыгейм и сабий усакIуэ цIэрыIуэщ, егъэджакIуэщ.*

# Сикъэплъан цIыкIу

Моу шъукъеплъ сикъэплъан цIыкIу,
Ар сэ сфэдэу сабый цIыкIу.
Ау боу ины, кIуачIэ хэлъ –
Мэзым кIонэу игухэлъ.

МэшIо плъыжьыр цым къыхехы,
Идэхагъэ нэр пIэпехы.
Зебрэ цIыкIум фэдэу кусэ...
Сыпымылъмэ зегъэгусэ.

ПэкIэ инхэм къагъэдахэ,
Нэжгъу цIыкIур зэхегъахьэ,
Нэжгъу цIыкIур зэхегъахьэ,
Шхэщтмэ... дэзгощын сиIахьэ.

Боу сэгушIо. Джы ошхэфэ,
Къэплъан цIыкIум Iэ щысэфэ.

Джэмышх цIыкIур тэ тиIашэ,
Зэдэтэшхы пчыхьэм кашэ.

Сыдэу ащ зыкъиушIми къекIу,
Пчыхьэ зыхъукIэ чъыер къекIу.
Чэщым сипIэ къыхэпкIэжьы,
ТIэкIу тэбзаджэшъ, тэчъыежьы.

Тэ детсадми тызэдэкIо,
Тызэбэнми, ар къыстекIо.
Боксым тIуми шIоу тыпылъ –
Тэ медальхэр тыпшъэ илъ.

Усэ цIыкIур тэ къэтэIо...
Тыгу къэкIмэ, шакIо тэкIо,
КIэлэцIыкIу орэдхэр тэшIэ,
Къангъэбылъи тызэдешIэ.

Тэ пIырагум тешIэу мэхъу.
Уахътэр макIо. Ины сэхъу.
Шъэфэу щыIэм джы ипIалъ:
Къэплъан цIыкIур — сиджэгуалъ!

*(КIахэ псэлъэкIэр зэвгъащIэ)*



***Зыгъэхьэзырар***
***КЪАШЫРГЪЭ Фатимэщ***



# КЪАПЛЪЭНЫР ЩХЬЭ ЦЫПЭПЛЪ?

## САБИЙ ТЕАТР

*(«ЦIыхумрэ къаплъэнымрэ» монгол псысэр зы теплъэгъуэу зытхыжар* ***Аброкъуэ Беллэщ****)*

*Хэтхэр:* **Къаплъэн, Вы, Махъшэ, ЦIыху.**

*Iуэхур щекIуэкIыр мэзырщ. Къаплъэн щIалэр утыкум къохьэ. Абы и фэр гъуэжь кусэкъым, атIэ гъуабжэ зэфэзэщщ. Ар пэшым щIэсхэм яхоплъэ.*

**Къаплъэн:** Фыкъызоплъри… Сэ сыкъаплъэнщ. Фи фIэщ хъуркъэ? Ди адэми, адэшхуэми, абы я адэжхэми мыпхуэдэ кIагуэщ зэрахьар. *ЗегъэкIэрахъуэ.*

**Къаплъэн адэм и макъ къоIу:** Мыдэ къакIуэт, си науэ.

**Къаплъэн:** Ди адэр къызоджэ. Сэ къэзгъэзэжынщ.

*Къаплъэныр йокI.*

**Адэм и макъ:** Уэ ушырыжкъым иджы, си науэ, убалигъщ, укъарууфIэщ. Сэ жьы сыхъуащ, дунейм сохыжри си уэсят закъуэм къедаIуэ: Сакъ, си щIалэ, **ЦIыхукIэ** зэджэ псэущхьэм зэи убгъэдэмыхьэ!

*Къаплъэныр нэщхъейуэ утыкум къохьэж.*

**Къаплъэн:** Ди адэм сыт апхуэдэу щIыжиIар? Хьы-ы, зэи зыми хуэгъэшынакъым ар, сыт атIэ цIыхум кърищIар? Ры-рр-р, сэ абы и къарур сымыгъэунэхуу сыпсэуфыну иджы? Р-р-р-р! Къэслъыхъуэнущ!

*ЙокI. Макъамэм щIэту лъэ макъ къоIу. Адрей лъэныкъуэмкIэ ар къохьэж ешаелIауэ. Абы къыхуокIуэ Выр.*

**Къаплъэн:** Уэра ЦIыху жыхуаIэр?

**Вы:** Сэракъым, ауэ Вы жыхуаIэр сэращ.

**Къаплъэн:** ЦIыху жыхуаIэр пцIыхурэ-тIэ?

**Вы:** Дауи! Сэ абы срипщылIщ. Мы си пэм илъ тхьэгъур абы кърилъхьащи хуеймэ си щIыбым къотIысхьэри къызохьэкI, хуеймэ гум сыщIещIэри къызошэкI.

**Къаплъэн:** ЦIыхур апхуэдизу ину ара?

**Вы:** ЖыпIэр сыт?! Си бжьакъуитI зэхуакум дощатэ.

**Къаплъэн:** Апхуэдизу жьгъей цIыхум уэ выжьыр ущIыхуэпщылIыр сыт-тIэ?! ТекI си гъуэгум уэ къэрабгъэр!

*Пури зэблокIри утыкум йокI. Адрей лъэныкъуэмкIэ къихьэж Къаплъэным Махъшэр къыхуозэ.*

**Къаплъэн:** Уэра ЦIыху жыхуаIэр?

**Махъшэ:** ЛIо, уэ мо уафэм укъехуэхауэра? Сэ сызэры-Махъшэр плъагъуркъэ? Сыт уэ цIыхур зэрыпщIынур?

**Къаплъэн:** И къарур згъэунэхунущ.

**Махъшэ:** Ей, щIалэ, у-щIе-гъуэ-жын мыгъуэщ, зыпумышэ. Мы дунейм абы нэхъ лъэщ теткъым!

**Къаплъэн:** Уэр хуэдэ Iуащхьэжьри игъэшынэфу апхуэдизу иныжьура ар?

**Махъшэ:** Хьа-ау. ЦIыкIунитIэщ. Ар си щIыбым къыщитIысхьэкIэ сэ лъэгуажьэмыщхьэу соув.

**Къаплъэн:** Уэри абы ухуопщылI, ара?!

**Махъшэ:** Мы си пэм кърилъхьа тхьэгъум къызэреIэу, ды-ды-дыд, ар апхуэдизкIэ мэузри, уей, зыхуейуэ хьуар хузощIэм!

**Къаплъэн:** А цIыкIужьейм апхуэдиз лIыгъэ къезытыр сыту пIэрэ?





**Махъшэ:** И акъылыращ, Iэгъу! Мис абы тепщи лъэщи ещI ар.

**Къаплъэн:** Сыт мыбы акъыл жыхуиIэр? ТекI си гъуэгум, уэри укъэрабгъэщ!

*Ар щIопхъуэжри адэкIэ макIуэ, и щхьэ хуэпсэлъэжу: «Щыхур цIыкIумэ, къаруунщэмэ, абы акъыл хузехьэрэ? И псэр хэуди къытех, лIыгъэ уиIэмэ!». Пури йокI, адрей лъэныкъуэмкIэ Къаплъэнир къыщихьэжым, ар мэзакIуэ лIым хуозэ.*

**Къаплъэн:** Ей, уэ цIыкIум Щыху жыхуаIэр умылъэгъуауэ пIэрэ?

**ЦIыху:** Сымис, уи пащхьэм ситщ.

*Къаплъэныр къоуIэбжь, ауэ... къэщтауэ зыкърымыгъащIэу йоплъ, мэIущащэ: «Мыр зэ уэгъуэ схуэщIынущ сэ».*

**ЦIыху:** Зыгуэр жыпIа?

**Къаплъэн:** Сэ зыкъыспыпшэну къару уиIэнкIэ хъуну уэ?

**ЦIыху:** ДауикI, зиусхьэн! Сэ си къарур зыхэлъыр си акъылыращ!

**Къаплъэн:** Сегъэплъыт-тIэ а уи акъылым!

**ЦIыху:** Ухуей закъуэмэ... – и хъуржыным йопэщэщыхьри жеIэ, – Iахъ, уей мыхъуат ар! Си акъылыр унэм къэзгъэнащ. НакIуэ ди дей си гъусэу, уэзгъэлъагъунщ.

*Зэбгъуроувэри йокI. (Макъамэ къоIу.) Адрей лъэныкъуэмкIэ ешаелIауэ къохьэж а тIур.*

**ЦIыху** *(къоувыIэри):* Уэ адэкIэ унэмыкIуэ, зи уз схьын, армыхъумэ ди къуажэхьэхэм уачэтхъэнщ. Сэ сынэсынщи сыкъэсыжынщ!

*Щыхум и щIыбыр къегъазэ, арщхьэкIэ зэуэ къоувыIэ.*

**ЦIыху:** Согузавэ!

**Къаплъэн:** Сыт щхьэкIэ?

**ЦIыху:** Уэ ущхьэпщтырщ. Си щIыбым унилъэмэ-щэ?

**Къаплъэн:** Хьэ-хьэ-хьэхь, уэри укъэрабгъи! Хъунщ, мы жыгым сепхи кIуэж. Уи акъылыр слъагъуну сопIащIэ сэ.

*МэзакIуэм ар жыгым быдэу ирипхри езыр IукIыжащ.*

**Къаплъэн** *(дзапэ уэрэду):* Къызэмыплъым сыхукъуоплъ,
Къызэплъакlуэм сэ сыхуолъ.
Пшэрым сепхъуэм уэдыр щIолъ,
Сыкъаплъэнщи си лъыр къоплъ.

*Чыху IэплIэ* иIыгъыу Щыхум къигъэзэжри, Къаплъэныр зрипха жыгым щIилъхьащ.*

**ЦIыху:** Си псалъэр згъэпэжащ. Уэ иджыпсту къэплъагъунщ цIыху акъыл жыхуаIэр!

*Щыхур щтаучым* еуэщ, хъуаскIэ* щтамылэм* хригъадзэщ, мафIэр зэщIигъанэри, Къаплъэным ауаныщIу и Iэпэр хуишийуэ икIыжащ. Къаплъэным пщIэууэ жыг хъуреягъыр къижыхьурэ кIапсэ зэрепхар мафIэм зэнесыкIри, абы мафIэр црижэу йожыж! Ар адрей лъэныкъуэмкIэ къохьэж, и кIапэр щIым трилъафэу, щIакъуэу, мафIэр зэпхъуа и фэр цIыплъэ кусэу.*

**Къаплъэн:** Фэ, цIыхухэм фи акъылыр сыту жьэр, мафIэ къыпылъэлъу. Мис, сыкъисащ. Сызэплъыжыху фэ сызэрыфтемыкIуэнур сигу къэкIыжынущ… Уарэ, мо слъагъур мафIэ? Няу-у-у! – *къэщтауэ утыкум йожыж.*

---

* *Чыху IэплIэ* – охапка хвороста; * *щтауч* – кремень; * *хъуаскIэ* – искра; * *щтамылэ* – трутовик.

# 2022 гъэр зыхуэлъэпІа адыгэ сурэтыщІхэр

- КъБР- м и ЩІыхь зиІэ **Жэрыщты Аслъэнджэрий – илъэси 100.**
- УФ-м, КъБР-м я ЩІыхь зиІэ **ТхьэкІумащІэ Михаил – 95-рэ**.
- СурэтыщІ **Хьэжу Руслан**, скульптор **Къалмыкъ Фёдор – 90**.
- УФ-м, АР-м я ЩІыхь зиІэ **Бырсыр Абдулыхь – 75-рэ.**
- УФ-м и Академик, КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ, скульптор **Црым Русланрэ** КъБР-м и ЩІыхь зиІэ **Хьэгъундокъуэ Мухьэмэдрэ – 70.**
- КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ **Пащтхъан Алим – 50**.
- КъБР-м и къэрал саугъэт зрата **Акъсырэ Михаил – 45-рэ.**



«Бахъсэныпс». *Жэрыщты А.*



«Тхыдэм и нэпкъыжьэ». *Хьэжу Р.*



«АдыгэлІ». *Къалмыкъ Ф.*



«115-нэ шуудзэм я фэеплъ». *ТхьэкІумащІэ М.*



«Урыс-Кавказ зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъ». *Бырсыр А. (Мейкъуапэ)*



«Теплъэгъуэ». *Акъсырэ М.*



«Фэеплъ». *Хьэгъундокъуэ М.*



«Псэущхьэ». *Црым Р.*



«Макъамэ». *Пащтхъан А.*

**АБРОКЪУЭ Беллэ**

## Сурэтыщӏым

Нэр зэтесхмэ, нэху къыщIопсэ,
Нэхур плъыфэурэ нэм хопсэ:
Гъуэжьи, плъыжьи, хужьи, гъуэплъи,
Къащхъуи, щхъуантIи, гъуатIи, тхъуэплъи…

Плъыфэм и псэр зыхэзыщIэу
ГъащIэ хэлъу сурэт зыщIым

Елъагъу ахэр лыду, кIэхуу,
Фагъуэу, фаеу, цIууэ, нэхуу…

СурэтыфIыр псэм хигъапщIэу
Уи гум мыщIэ изыгъапщIэр
ПщIыпщIу итщи уи уэгу **Вагъуэ,**
ПфIощIыр ар **Тхьэгурымагъуэ!**

*2022 гъэ*

# 2022 гъэм и ехъулӀэныгъэхэр

ЩӀэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкӀэ министерствэм и лэжьакӀуэ ***Мыз Залинэрэ*** Дзэлыкъуэ куейм я щӀэныгъэ ӀуэхущӀапӀэм и лэжьакӀуэ ***Псэныкъуэ Аминатрэ*** къыддэӀэпыкъуащ.



## Спорт

**Исакъ Амиран.** ТхэквондомкӀэ Къэзан щекӀуэкӀа дунейпсо зэхьэзэхуэм щытекӀуащ *(къэрал 16-м къикӀа цӀыху 350 хэтащ; илъэс 15-17, кг. 64)*. Налшык, Гимназие 13, 10-нэ «Б» кл.



### Дзэлыкъуэ куейм дагъэгушхуащ!

**ВэкъащӀэ Лия.** ТхэквондомкӀэ къэралпсо зэхьэзэхуэ «Кавказым и бынхэр» зыфӀащауэ Налшык щекӀуэкӀам щытекӀуащ. Дзэлыкъуэкъуажэ, едж. № 1, 8-нэ кл.



**Хьэмыз Ислъам.** ДзюдомкӀэ къэралпсо зэхьэзэхуэ «Бештау» зыфӀащауэ Псыхуабэ щекӀуэкӀами, топ джэгумкӀэ «Фэ топ» зыфӀаща республикэ зэхьэзэхуэми щытекӀуащ. Дзэлыкъуэкъуажэ, едж. № 1, 9-нэ «В» кл.



**Къэблэхъ Рузаннэ.** ТхэквондомкӀэ *(КМС иӀэщ).* Налшык щекӀуэкӀа СКФО зэхьэзэхуэм щытекӀуащ. Дзэлыкъуэкъуажэ, едж. № 1, 9-нэ кл.



**Куэт Алан.** БэнэкӀэ хуитымкӀэ «Гъатхэ зыгъэпсэхугъуэ» Псыхуабэ щекӀуэкӀа зэхьэзэхуэми *(илъэс 12-13, кг. 38)*, «Олимп гугъапӀэхэр» Нартсанэ щызэхэтами щытекӀуащ *(илъэс 11-12, кг. 42)*. Дзэлыкъуэкъуажэ, едж. № 1, 7-нэ кл.



**Лыджыдэ Имран.** Алыдж-урым бэнэкӀэмкӀэ Шэшэным щекӀуэкӀа «БэнэкӀэмкӀэ спорт еджапӀэ» зэхьэзэхуэ зэӀухам щытекӀуащ *(кг. 57)*. Сэрмакъ, едж. № 2, 8-нэ кл.



**ШкӀахъуэ Алихъан.** ДзюдомкӀэ «Зевс» клубым Гумкъалэ щригъэкӀуэкӀа зэхьэзэхуэ зэӀухам щытекӀуащ. Малкэ, едж. № 2, 1-нэ кл.

# ЩIэныгъэ

## Къэралпсо зэхьэзэхуэхэр

**Къардэн Марие.** Узыщыщ лъэпкъым и щэнхабзэм – урысыбзэкIэ, урысым яйм анэдэлъхубзэкIэ дахэу щытетхыхь зэхьэзэхуэм щытекIуащ. Налшык, Гимназие 29, 5-нэ кл.

**АфIэунэ Даринэ.** «Урысейр гъэлъэпIэным сэхэлъхьэныгъэу хуэсщIар» къэхутэныгъэмкIэ зэхьэзэхуэм «Си унагъуэ. Си лIакъуэ» и Iыхьэм щытекIуащ. Къулъкъужын Ипщэ, едж. № 1, 8-нэ кл.

**Темырчы ФатIимэт.** «Поэзием и лъэхъэнэ», «Хэкум си гур хуопIейтей» зэхьэзэхуэхэм щытекIуащ. Псынэху *(Светловодское)*, едж. № 1, 9-нэ кл.

**Ерчэ Рузанэ.** «Уи цIэр наIуэкъым» сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я зэхьэзэхуэм щытекIуащ. Псынэху, едж. № 1, 9-нэ кл.

**Гъындыгъу Виолеттэ.** «Дэ коррупцэм дрибийщ» онлайн-зэхьэзэхуэм щытекIуащ. Дзэлыкъуэкъуажэ, едж. № 1, 9-нэ кл.

## Кавказ Ищхъэрэ зэхьэзэхуэхэр

**Нэхущ Ассанэ, Амшыкъуэ Дамир**. «ФIэхъус, дуней!» хореографие гупхэм я зэхьэзэхуэм щытекIуащ. Дзэлыкъуэкъуажэ, едж. № 1, 6-нэ кл.

**Iэпщэ Даринэ.** Сабий зэхьэзэхуэу «2022-м и тхылъеджэ нэхъыфI»-м щытекIуащ. ХьэтIохъущыкъуей Ищхъэрэ, едж. № 1, 10-нэ кл.

**Хъурзокъуэ Екъуб.** «Урысейм и фIыгъуэ» зэхьэзэхуэм астрономиемкIэ щытекIуащ. Ислъэмей, едж. № 3, 10-нэ кл.

**Токъубей Дианэ.** IэпщIэлъапщIагъэмкIэ къэралпсо еджапIэхэм я щIыпIэ зэхьэзэхуэм щытекIуащ. Дзэлыкъуэкъуажэ, едж. № 1, 10-нэ кл.

***КЪАМБОТ Мариannэ***



Адыгэй республикэм мы гъэм илъэси 100 ирокъу

# ПситIым я тIуапсэ

*ТIуапсэ пситIу зэхыхьэу ялъытэми (км 35 и кIыхьагъщ, Хы фIыцIэм холъадэ), абы, пщащэ цIыкIум и щхьэцыр зэраухуэным хуэдэу, псы псыгъуэ цIыкIуиблым зыкъыхаухуанэ – тхум сэмэгумкIэ, тIум ижьымкIэ. А псыхъуэр апхуэдизкIэ дахащэщи, нэри псэри пIэпех! Зыгъэунэхуахэм жаIэ: «Мыбдеж дамэ къыптекIам хуэдэу уи псэр щолъатэ, хуитыныгъэм и Iэфiыр гум нэсу зэхощIэ». Аращ жэнэтыщI щыфIащари, мы хъыбарыр щIыхузэхалъхьари.*

## ШапсыгъыщIым и хъыбар



Пасэ дыдэ зэманым Тхьэшхуэм лъэпкъхэр къигъэщIри абыхэм я лIыкIуэ зырыз иригъэблэгъащ, щIы къахуигуэшыну.

Адыгэм я лIыкIуэр гъуэгу тету здэкIуэм зы нанэ цIыкIу IущIащ, ямылейуэ къэп хьэлъэ и плIэм телъу ихьу. ЩIалэр шым къепсыхщ, нанэм и хьэлъэр къыIихри и унэм нэс игъэIэпхъуэжащ. Унагъуэр къехъуэхъуу, ар ирагъэблэгъэну къэлъэIуат, ауэ щIалэр пIащIэу и гъуэгу теувэжащ.

КIуэм-лъэм, кIуэм-лъэуэрэ ар IущIащ гъуэгу Iуфэм гъыуэ Iус сабийм. Шым къепсыхщ, бгъэдыхьэри, къэхъуамкIэ щыщIэупщIэм щIалэ цIыкIум къыжриIащ зэрыгъуэщар. Къурш лъапэм мэл щызыгъэхъу и адэм и деж кIуэну ар къежьауэ арат... ЩIалэм сабийр и шыплIэм дигъэтIысхьэри и адэр къыхуигъуэтыжащ. А тIум фIыщIэ къыхуащIащ икIи къелъэIуащ ядэшхэну, ауэ щIалэр пIащIэрти и гъуэгу теувэжащ.

А щIалэфIыр здэкIуэм нэсыху куэдым ядэIэпыкъуащ икIи... зэхуэсым къыкIэрыхуащ. Тхьэшхуэм щIыфIу иIэр псори яхуигуэшат лъэпкъхэм. Къэнар псыпцIэрэ къумрэт. ЩIалэм и щхьэр къыфIэхуащ: «Сызыхуэкlуэж си лъэпкъым сыт яжесIэну иджы?» – жиIэу. Тхьэшхуэр ар щIэгувам щыщIэупщIэм, щIалэм псори иIуэтэжащ. Тхьэшхуэ къыгурыIуащ и пащхьэ итыр лъы къабзэ зыщIэт лъэпкъыфIым къызэрыхэкIар икIи езым и щхьэ щхьэкIэ къигъэна щIы нэхъыфI дыдэр – къурши, мэзи, тенджызыпс Iуфэ дахэри щызэщIыгъу Шапсыгъ щIыгур адыгэм къахуигъэфэщащ!

## Емыж Ислъам и есэпхэр

А щIалэ гурыхуэр Адыгейм щыщщ, абы я къэрал университетым щоджэ. Пасэу, цIыкIуу есэпым гу хуэзыщIар хъуапсэрт балигъ хъумэ, «ЩIэныгъэхэм я гуащэ» есэпым сабийхэр дригъэхьэхыну. Абы и мурадыр къехъулIащ, студент пэтми егъэджакIуэ хъуакIэщ.

«Нурым и еджакIуэ цIыкIухэм Ислъам и есэпхэр фхуэщIыжыну пIэрэ?

## Япэ Iыхьэ

1. Уэшх къыщешхынум зы жэщ-зы махуэкIэ ипэ иту джэду цIыкIур къопс. Нобэ ар къепсащ. Пэжу пIэрэ пщэдей уэшх къызэрешхынур?

2. Ислъам, Фатимэ, Али, Беллэ сымэ хьэлывэ ягъэжьащ. Фатимэ псом нэхърэ нэхъыбэ игъэжьащ. Беллэ ейр псоми ягъэжьам нэхърэ нэхъ мащIэкъым. Пэжу пIэрэ хъыджэбзхэм хьэлывэ нэхъыбэ зэрагъэжьар щIалэхэм нэхърэ?

3. ПтулъкIэм, стэчаным, кхъуэщыным, банкIым ярытщ шэ, псыIэфI, квас, псы. Шэмрэ псымрэ птулъкIэм иткъым. ПсыIэфIыр зэрытыр кхъуэщынымрэ квас зэрытымрэ я зэхуакум дэтщ, банкIым итыр псыкъым икIи псыIэфIкъым. Стэчаныр банкIымрэ шэ зэрытымрэ ябгъэдэтщ. Дэтхэнэ кумбыгъэм сыт ит?

4. Ислъам жеIэ: «ЩIэныгъэ зыгуэрым хууиIэмэ ар дапщэщми зэ къыпхуэщхьэпэнущ». Настя абы арэзы техъуакъым: «Сэ усакIуэ псори сцIыхукъым икIи зэи абыхэм сахуей хъуакъым». Настя жиIар Ислъам и гупсысэм пэщIэуэрэ? Сыт щхьэкIэ?

## ЕтIуанэ Iыхьэ

1. Хьарбызыр IыхьиплIу зэпаупщIри яшхащ. Хьарбыз пхъафэр 5 мэхъу. Ар дауэ?..

2. ЩIы щхьэфэм и Iыхьэ нэхъыбэр хым еубыд. Дунейпсо хы щхьэфэм диаметркIэ зэпэзанщIэу щIыпIитI иIэ?

3. Къалэ А-м къикIыу къалэ В-м гъуэгуитI макIуэ, зэтемыхьэу. А гъуэгу зырызым тету, А-м икIыу В-м кIуа машинитIыр кIапсэ 2 L зи кIыхьагъкIэ зэпыщIати а кIапсэр зэпачакъым. АтIэ а машинитIыр лъэныкъуэ зэрызым къикIыу, хьэлъэ хъуреитI ятелъу *(L радиус хъууэ)* зэлъэмыIэсу зэблэкIыфыну пIэрэ?

*Жэуапхэр къыкIэлъыкIуэм тетынущ. Урысыбзэкlэ мы упщIэхэри жэуапхэри щывгъуэтынущ «Нурым» и интернет-напэкIуэцIым.*

***«Нур»***

# ИлъэсыщIэпежьэ псалъэрыджэгу

1 Метаграммэхэр къафщIэ. А псалъэхэр лэжьыгъэхэм къабгъэдэт зэпэплIимэхэм ифтхэ.

«Д»-р къысхэтмэ,
СывиIэмэпсымэщ.
«Лъ»-кIэ сызэфхъуэкIмэ,
Iэлъэ хуабэ сохъу.
«Жь»-кIэ фэ сыфхъуэжи
СыщIымахуэ .....-щ
«Н»-кIэ ар зэвдзэкIи
ШхынкIэ фызгъэтхъэнщ!

Куэдрэ уэшх къемышхмэ,
«Гъу»-р къыстегушхуащ!
Жьыншэуэ хуабеймэ,
«М»-кIэ сыфхъуэжащ.
«С»-кIэ ар зэвдзэкIмэ,
ЩIыр фхущIэзуфэнщ.
«Гу»-кIэ зэфхъуэкIыжи
...-м сихьэжынщ.

ЕплIанэ псалъэм и мыхьэнэхэр (омонимхэр) псалъалъэм къыщывгъуэт.

«Д»-кIэ сыкъевгъажьэм,
Уэгум сыщолыдыр.
«Щ»-кIэ сызэфхъуэкIмэ,
Фи пщэм силъщ, сопщIыпщI.
«ЛI»-кIэ ар фхъуэжамэ,
Хахуэ зэуэ сохъур.
«Т...»-р ИлъэсыщIэм
Гуапэу сэ фызот.

**2** ИлъэсыщIэ псейр зыхуэдэр къэзыгъэлъагъуэ псалъиплI зэпэплIимэхэм ифтхэж, уэс налъэхэм тет пычыгъуэхэр хэвгъэувэурэ. (Пычыгъуэхэр фызэрыхуейм хуэдизрэ къэвгъэсэбэп.)

щIэ щэ да гъуэ

Iуэ лъа

| | | |
|---|---|---|
| | ра | |
| | хэ | |
| | щы | |
| | га | |

**3** Сурэтым щыфлъагъум зэреджэр псалъэзэблэдзым къехыу ифтхэж. ЩIымахуэм ехьэлIа псалъэхэр адыгэбзэкIэ зэвдзэкIыурэ зэпэплIимэхэм къызэрезэгъкIэ ивгъэувэ, япэ псалъэм хэт хьэрфхэр фи тегъэщIапIэу.

коньки

снежный вихрь

иней

Новый год

буран





холодный, ненастный

БЕКЪАН Масирэт

# Псыгуэнсу щекIуэкIа махуэшхуэ







Дыгъурлы Арианнэ,
2-нэ «Б» кл.

Къуажэм и 3-нэ еджапIэр хэтащ ***«Си бзэ – си псэ, си дуней!»*** зэхьэзэхуэм. ХьэщIэхэм къапежьащ адыгэ шу гуп. Жылагъуэ дыхьэпIэм и лъэныкъуитIымкIи ирикIуэу щиувыкIат адыгэ фащэ екIухэр къызыщылыдыкI сабийхэмрэ балигъхэмрэ, къуажэдэсхэм я лъэпкъ дамыгъэхэр яIыгъыу.

ЕджапIэм щагъэлъэгъуа псор къызэрагъэпэщащ егъэджакIуэхэу:

***Мыз Каринэ, Уардэщауэ Заремэ, КIущ Асият, ШэрыIужь Жаннэ, Къанкъул Лианэ, Дзыгъур Таисэ.***

Псыгуэнсуми адрей ди жылагъуэ псоми «Нурым» и лэжьакIуэхэр дывохъуэхъу фефIакIуэу, фехъулIэу, зывужьу, илъэсыщIэ куэд фытехьэну!




*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается С 1 января 1982 года

№ 12 2022 г.

Учредитель: Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

**Главный редактор**
*Б. М. АБРОКОВА*

**Художественный редактор**
*М. ХАЛИЛОВА*

Редактор
*М. КАМБОТОВА*

**Компьютерная вёрстка**
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

**Корректор**
*Ф. КАШИРГОВА*

**Редакционный совет:**
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 30.11. 2022 г.
Выход в свет 22.12. 2022 г.

Формат 60x90 $^1/_8$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1342 экз.
Заказ №2462
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.



Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.